



Trusted,
Professional
Filing

Itilize **Preparasyon Taks Gratis Vil New York** pou fè taks ou gratis epi kenbe tout ranbousman ou.



Pou fanmi yo





Revni \$68,000 oswa mwens an 2020.



Pou moun k ap deklare taks pou tèt pa yo sèlman

Revni \$48,000 oswa mwens an 2020.

Travay ak volontè VITA/TCE ki sètifye nan IRS ki gen konesans pou ede ou fè yon deklarasyon taks sou revni ki egzat. Chwazi fason ki mache pou ou a:

-  **Preparasyon Taks Vityèl*** Li Preparasyon Taks Fas-a-Fas men sou entènèt la!
-  **Èd pou fè preparasyon taks ou poukont ou*** Fè pwòp taks ou ak lojisyèl pou deklare taks gratis, men yon benevòl ap ede ou nan telefòn ou oswa imèl.
-  **Sèvis pou Depoze Taks†** Depoze dokiman taks ou epi pou vin chèche ranbousman taks ou pita.
-  **Preparasyon Taks Fas-a-Fas†** Chita ak yon benevòl nan prepare taks.

Pou jwenn plis enfòmasyon, ale nan nyc.gov/taxprep oswa rele **311** epi mande "tax preparation assistance" (èd pou preparasyon taks).



Bill de Blasio
Mayor

Consumer and
Worker Protection

Lorelei Salas
Commissioner

Sa ou dwe konnen pou fè taks:



Idantifikasyon

- Pyès idantite ki gen foto leta bay (IDNYC ladan)
- Kat Sekirite Sosyal oswa Lèt detèminasyon Nimewo Idantifikasyon Kontribyab Endividyèl (ITIN) (orijinal, kopi, oswa dokiman elektwonik) ak dat nesans pou oumenm, mari/madanm ou ak depandan ou yo



Prè Revni

- Fòm W-2, 1098, 1099, oswa dosye revni ak depans si ou se yon travayè endepandan (Ale nan nyc.gov/taxprep pou jwenn yon lis.)



Lòt

- Deklarasyon taks sou revni oswa relve taks pou 2019 (obligatwa pou Èd pou fè preparasyon taks ou poukont ou)
Pou mande yon relve, rele Sèvis Revni Entèn (Internal Revenue Service, IRS) nan 1-800-908-9946 oswa ale nan irs.gov epi chèche "Get Transcript" (jwenn yon relve).
- Fòm 1099-G si ou te resevwa alokasyon chomaj nenpòt lè pandan 2020
Pou jwenn yon fòm ale sou dol.ny.gov epi chèche "1099-G."
- Fòm 1095-A si oumenm oswa mari/madanm ou, oswa depandan ou yo enskri nan yon plan asirans sante nan Mache Plan Asirans Sante (Health Plan Marketplace)
- Dosye peman pou gadri timoun, ki gen ladan non, adrès founisè a, ak Nimewo Idantifikasyon Anplwayè (Employer Identification Number), Nimewo Idantifikasyon Kontribyab (Taxpayer Identification Number), oswa nimewo Sekirite Sosyal
- Dosye depans pou edikasyon tankou Fòm 1098-T pou peman ekolaj pou ale nan yon inivèsite oswa kolèj teknik oswa Fòm 1098-E si ou peye enterè prè etidyan
- Nimewo kont labank ak nimewo idantifikasyon bank (routing number) pou fè depo dirèk ranbousman ou

[Si w ap deklare taks pou ou ak pou mari/madanm ou, nou toude oblije siyen.](#)

*Sèvis sou entènèt yo san danje epi yo fyab.

†Akòz COVID-19, sèvis fas-a-fas kapab chanje. Tcheke sitwèb la ak 311 pou dènye nouvèl yo.